Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection

100 Cambridge Street Suite 900 Boston, MA 02114 • 617-292-5500

Maura T. Healey
Governor

Kimberley Driscoll
Lieutenant Governor

Rebecca L. Tepper
Secretary

Bonnie Heiple
Commissioner

**AVI ODYANS POU PIBLIK LA**

Avi pou piblik sa a disponob nan plizyè lòt lang (Espanyòl -- Tiếng Việt -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen -- Pòtigè -- Khmer) sou sit entènèt MassDEP la: https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities

Se depatman pou pwoteksyon anviwonman Massachusetts la ki bay avi sa a, anba otorite l jan sa parèt nan M.G.L. c. 91, § 18, ap fè de odyans piblik jan sa a parèt nan M. G. L. chapit 30A ak modifikasyon sou règ yo pwopoze yo nan 310 CMR 9.00 *The Massachusetts Waterways Regulation*. Modifikasyon sa yo t ap egzije demann lisans ak pèmi ap depoze menm jan sa parèt nan M.G.L. c. 91 ak 310 CMR 9.00 san pa bliye efè chanjman klimatik ka genyen. Revizyon yo te pwopoze yo menm jan sa parèt nan règleman yo te pwopoze nan Règleman sou zòn imid nan Massachsetts nan 310 CMR 10.00.

Tèks regilasyon yo pwopoze ak dokiman ki gen referans yo disponib ak yon kopi avi odyans pou piblik sa a sou sit entènèt MassDEP nan adrès : https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities

MassDEP ap fè de odyans anliy pou piblik la sou Zoom nan dat ak lè ki vin annapre a pouk a jwenn kòmantè sou chanjman yo pwopoze yo. **Enskri alavans**; aprè enskripsyon an, w ap resevwa yon imel konfimasyon ak enfòmasyon nesesè pou konekte nan reyinyon an ak òdinatè w, tablet ou oubyen telefòn ou.

**Jedi 25 Janvye 2024 a 1:00 PM**
Tanpri itilze lyen sa a pou enskri nan odyans lan alavans:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZUkcOitqj4tE9Wbznc5DgvLRdxyrORYrAIn

**Jedi 25 Janvye 2024 a 6:00 PM**
Tanpri itilize lyen sa a pou enskri nan odyans lan alavans:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZcrceiuqDkrEtBLWHRN2EvTYptCgWZ1dqfp

Ka gen temwayaj ki bay pandan odyans pou piblik la. N ap aksepte kòmantè ki ekri yo jiska **1ye Mas 2024** a 5 :00**.** Ministè a ankouraje pouf è sa anliy pa mwayen imel elektwonik nan dep.waterways@mass.gov epi sa dwe gen ladan l *Waterways Resilience Comments* nan objektif la. Ou ka voye kòmantè yo sou paye nan lapòs bay Daniel Padien olye anliy: *Waterways Resilience Comments*, MassDEP-BWR, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

Pou akomodasyon espesyal pou odyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP nan 617-292-5751. TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib sèlman lè w mande. MassDEP bay sèvis entèprèt/tradiksyon ak moun ki pa pale Anglè byen yo gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan

reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen ki vinn apre a: https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance.

Sou lòd Depatman Pwoteksyon anviwonman an
Bonnie Heiple, Komisyonè